



# Discovery Academy nan Lake Alfred

## KONTRA AK FANMI YO

“Kay Vwayajè yo”

1000 North Buena Vista Drive – Lake Alfred, FL 33850 – (863) 295-5955

Carol Fulks, Director • Kevin Warren, Direktè

### KONTRA POU PARAN/RESPONSAB ELÈV • KLAS 6èm-8èm ANE

Lè yo chwazi enskri yon timoun nan lekòl Discovery Academy nan Lake Alfred, paran bay pitit yo yon opòtinite edikasyon enteresan e ki plen richès. Lè yo enskri yon elèv nan lekòl la, sa vle di paran oswa responsab elèv dakò pran responsablite pou yo gide timoun nan, ankouraje li e ba li yon kote lakay la pou li fè devwa li nan meyè kondisyon posib. Lekòl Discovery Academy nan Lake Alfred espere fanmi yo pral respekte sa lekòl la mande yo. Tanpri li bagay sa yo pi ba a lekòl la mete pou tout paran respekte:

1. Pitit mwen dwe ale lekòl chak jou, pou li rive alè epi pou l rete lekòl la jiskaske lekòl lage. Yo pap kapab vin chache elèv la ant twazè e katrè nan apremidi. Twòp reta, twòp vin chache l anvan lè, e/oswa absans ki pa motive kapab fè yo mete pitit mwen nan pinisyon paske dosye prezans li pa kòrèk, epi/oswa yo kapab mete li deyò rapidman nan lekòl Discovery Academy nan Lake Alfred.
2. Antan paran oswa responsab, mwen konprann mwen dwe bay pitit mwen anpil sipò nan lekòl li. Mwen konprann tou yo mande mwen pou mwen vini nan rankont paran yo, reyinyon lekòl la ap fè ak nan aktivite lekòl la ap òganize.
3. Pitit mwen dwe obeyi ak règ inifòm e regleman disiplin ki etabli yo. Pitit fi/pitit gason mwen dwe pran responsablite aksyon li e l'ap chache èd nan men moun ki majè lè li bezwen. Mwen konprann se responsablite mwen kòm paran pou mwen fè pitit mwen obeyi sa lekòl la mande yo e pou mwen kominike nenpòt sa mwen ta bezwen ak pèsònèl lekòl la. Si pitit mwen pa obeyi sa lekòl la mande yo, lekòl la kapab ba li pinisyon pou konpòtman ki pa dwat epi/oswa yo kapab mete li deyò rapidman nan lekòl Discovery Academy nan Lake Alfred.
4. Mwen konprann pitit mwen ap patisipe nan yon pwogram akademik solid e l'ap kontinye fè pwogrè akademik epi kontinye kenbe abitud travay lekòl la mande. Si li pa kenbe sa yo mande li nan lekòl la, yo kapab ba li pinisyon epi/oswa mete li deyò rapidman nan lekòl Discovery Academy nan Lake Alfred.
5. Mwen konprann yo kapab bay pitit mwen pinisyon pou prezans ki pa kòrèk, pou konduit ki pa dwat oswa pinisyon akademik paske li pa obeyi regleman Lekòl Discovery Academy nan Lake Alfred. Si yo bay pitit mwen pinisyon, li obligatwa pou mwen prezans, antan paran oswa responsab elèv la, nan rankont entèvansyon k'ap planifye pou ede devlope estrateji kote yo pral poze pwoblèm sa a. Si mwen pa patisipe, yo kapab mete pitit mwen deyò rapidman nan lekòl Discovery Academy nan Lake Alfred.
6. Anplis, mwen konprann si vyolasyon regleman yo ap repete oswa si yo pa obeyi sa ki di nan Kontra Fanmi lekòl Discovery Academy nan Lake Alfred bay la, yo kapab mete pitit mwen deyò nan lekòl Discovery Academy nan Lake Alfred. Si yo bay rekòmandasyon pou mete pitit mwen deyò nan lekòl la, mwen konprann mwen kapab fè apèl desizyon sa a dapre Regleman Demach Apèl direksyon jeneral la apwouve ki regle koze sa a. Si yo te mete pitit mwen an deyò, sa ap wetire priyorite li genyen lè li vin enskri nan lekòl la ankò.
7. Yo pa pèmèt moun vini nan etablisman lekòl la ak telefòn selilè, kamera, aparèy mp3, aparèy pou jwe CD epi sistèm jwèt pòtatif. Si pitit ou pote yon aparèy elektwonik nan lekòl la, y'ap konfiske l nan men li, ap gen sanksyon e y'ap rele yon paran pou vin chache aparèy sa a. Si sa ap repete, y'ap konsidere se yon ensibòdinasyon, kidonk dezobeyisans e yo kapab mete elèv la deyò. \* Li konsidere yon ofans dismissible si yon elèv Academy jwenn pran foto ou dosye ki genyen enfòmasyon evènman yo sou campus jenn pou lame ak/oswa textes ou pòs nenpòt lekòl ki gen rapò zidòl sou Facebook, YouTube, oubyen lòt bò yo sou entènèt. (Campus defini antanke zòn sa yo anba rèsponsablite anba jwenn Academy-y, men pa limite al lekòl sou, otobis transpòtasyon, Et par aktivite yo.)
8. Mwen konprann se responsablite mwen kòm paran/responsab elèv la pou mwen bay enfòmasyon kontak dijans diran tout ane lekòl la.

Mwen konprann e mwen dakò ak tout sa ki di anwo yo.

Non Elèv la (Ekri Detache) \_\_\_\_\_ Klas \_\_\_\_\_

Paraf Elèv la \_\_\_\_\_ Dat \_\_\_\_\_

Non Paran/Responsab Elèv la (Ekri Detache) \_\_\_\_\_

Paraf Paran/Responsab Elèv la \_\_\_\_\_ Dat \_\_\_\_\_